

**ENDAHING BASA LAN ENDAHING URIP BEBRAYAN SAJERONE
ANTOLOGI GURITAN SANDHAL JEPIT TALINE ABANG**

ARISTA DEWI

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya

ariskarmachamaleon@g
mail.com

ABSTRAK

Antologi guritan Sandhal Jepit Taline Abang mujudake karya sastra kang nggunakake basa minangka pirantine. Basane ora mung rinakit saka basa kang endah, nanging uga basa kang nduweni daya kanggo nggayuh endahing urip bebrayan. Basane guritan nduweni paedah tumrap para pamaca. Antologi Guritan Sandhal Jepit Taline Abang minangka salah sawijine karya sastra kang tuwuh lan ngrembaka ing bebrayan Jawa ngandhut gegambarane bebrayan Jawa. Bebrayan Jawa nduweni nilai-nilai kabudayan kang diugemi dituduhake lumantar tembung-tembung sajrone antologi guritan.

Adhedhasar andharan kasebut, perkara sajrone artikel iki yaiku (1) Kepriye wujud endahing basa kang ana ing sajrone antologi guritan, (2) Kepriye wujud endahing urip bebrayan kang ana ing sajrone antologi guritan, (3) Kepriye dayaning tetembungan minangka pamedhar dayaning urip bebrayan. Jumbuh karo underane panliten kasebut bisa diandharake tujuwan panliten, yaiku: (1) Ngandharake kaendahan basa kang ana sajrone antologi guritan, (2) Ngandharake kaendahane urip bebrayan kang ana sajrone antologi guritan, (3) Ngandharake dayaning tetembungan minangka pamedhar dayaning urip bebrayan. Paedahe artikel iki kanggo nambah kawruh sajrone apresiasi sastra Jawa modern marang bebrayan mligine bab guritan kang nggunakake tintingan stilistika lan sosiologi sastra.

Artikel iki ditindingi nggunakake pamarekan stilistika lan sosiologi sastra. Teori kang digunakake yaiku teori ngenani stilistika lan sosiologi sastra. Dene tata cara kang digunakake yaiku dheskriptif kualitatif, kanthi sumber dhata kang digunakake sajrone panliten yaiku arupa 25 guritan sajrone antologi guritan sandhal Jepit Taline Abang. Dene dhata artikel iki yaiku arupa kaendahan basa, ajining kabudayan Jawa, lan tembung sajrone antologi guritan Sandhal Jepit Taline Abang minangka pamedhare urip bebrayan.

Asile artikel iki yaiku ngandharake 1) Wujud endahing basa sajrone antologi guritan Sandhal Jepit Taline Abang kang awujud pamilihe tembung arupa ragam basa, purwakanthi, tembung garba lan tembung entar, tembung rangkep, tembung saroja, rura basa, struktur leksikal, 2) Wujud endahing urip bebrayan sajrone antologi guritan Sandhal Jepit Taline Abang kang awujud ajining kabudayan Jawa kang awujud rukun, budi luhur, andhap asor, eling lan prihatin, nriman, sabar, lan ikhlas, kurmat marang liyan kang drajate dhuwur, lan precaya anane sorga lan neraka, lan 3) Wujud dayaning tetembungan minangka pamedhar dayaning urip bebrayan.

Tembung wigati: endahing basa, ajining kabudayan Jawa.

PURWAKA

LELANDHESANE PANLITEN

Puisi ing sastra Jawa tradhisional awujud tembang. Saliyane tembang, puisi wis ana wiwit Jawa Kuna kang awujud Kakawin, banjur Jawa Tengahan kang awujud Kidung. Tembang yaiku sawijine puisi kang tata carane maca yaiku dilagakake utawa ditembangake, kanthi titi laras (Sukanti sajrone Suwarni, 2016:20). Guritan lan tembang nengenake kaendahane basa senajan ora duweni paugeran padha. Guritan asipat bebas, senajan bebas guritan isih nengenake paugeran tartamtu, nanging ora kaiket dening paugeran kuna, dene tembang kaiket dening jinis tembang, paugeran lan watak saben tembang kang diripta.

Guritan ora kaiket dening paugeran kuna (guru gatra, guru wilangan, guru lagu), guritan diarani

endah utawa ora, diweruhi saka titikan tartamtu (Nurgiyantoro: 2013:377). Wujud guritan luwih ringkes. Luwih ringkese guritan, ora awujud yen karya iki ora ngemu teges (Pradopo, 2012:11-12). Teges saka guritan bisa disawang saka basa kang digunakake. Basane guritan dudu basa padinan, nanging basa endah kang wis karonce kanthi apik. Ora nggawe basa padinan nalika ngronce guritan amarga basa kang diprangguli saben dina dirasa durung bisa nggambarake apa kang dadi pangangenangene (Slametmuljana sajrone Pradopo, 2012:49).

Basane guritan klebu ing basa sastra amarga nggunakake basa endah. Basa sastra miturut Endraswara (2013:72) yaiku basa kang khas, basa kang wis diupakara saengga awujud beda. Kaendahane karya sastra, oleh pangaribawa kang gedhe saka kaprigelane panulis nalika nguthak-athik basa (Endraswara, 2013:72).

Titikan kaendahane guritan ora mung saka basa kang digunakake nanging uga saka swarane (Nurgiyantoro, 2013:379). Endah orane guritan kawangun saka bisa orane panggurit nalika ngripta karya kasebut. Swara minangka aspek kang nemtokake kaendahane guritan. Saliyane iku uga disawang saka pamilihe tembung lan tegese. Miturut Nurgiyantoro (2013:379), guritan kang apik mesthi disengkuyung dening tuwuhe kaendahan, saka pas orane bentuk lan tegese guritan kasebut. Sawijine guritan kudu endah. Endahe bisa diwujudake lumantar cara visual (tipografi lan larik saben pada), lumantar swara (asonansi, aliterasi, lsp), banjur lumantar pamilihe tembung lan lelewane basa. Bab iki cundhuk karo andharane Altenbernd (sajrone Pradopo, 2012:13), yen kanggo nuwuhake kaendahan guritan, panggurit nggunakake pirang-pirang cara lan digunakake bebarangan.

Guritan duweni norma-norma kang bisa nuduhake yen duweni nilai *estetik* (Pradopo, 2012:20). Norma kasebut kudu dimangerteni minangka norma implisit kang kudu ditarik saka pangalaman pribadine karya sastra (Wellek sajrone Pradopo, 2012:14). Guritan kawangun saka pangalaman pribadi, kamangka ora bisa dipisahake saka bebrayan. Kaya andharane Soekanto (2014:1) yen wiwit lair manungsa wis duweni pangalaman-pangalaman sajrone hubungan sosial utawa hubungan antarmanungsa. Guritan saliyané diasilake saka pangalaman, uga bisa ngasilake pangalaman anyar. Wellek ngandharake yen (sajrone Pradopo, 2012:14) yen guritan kuwi mujudake panyebab sing bisa nuwuhake pangalaman. Ing kene, kabudayan duweni pangaribawa marang tuwuhe pangalaman sing bisa nyebabake sawijine guritan bisa karonce.

Guritan mujudake sawijine karya sastra. Karya sastra mujudake sawijine fakta kang dilairake minangka perangan saka masalah lan kahanan kang diadhepi manungsa (Faruk, 2012: 90). Karya sastra ora bisa dipisahake saka pangriptane (Goldman sajrone Faruk, 2012:90), semono uga guritan. Miturut Goldman (sajrone Faruk, 2012:91) karya sastra mujudake asil saka kelompok dudu individu amarga duweni pangaribawa sajrone sejarah sosial. Bab kasebut berarti, guritan kawangun ora mung dilandhesi saka panggurit wae nanging uga oleh pangaribawa saka sejarah sosial.

Guritan ora mung kawangun saka basa kang endah, nanging uga saka pangaribawa kabudayan kang nuwuhake pangalaman tumrap panggurit. Semono uga antologi guritan “Sandhal Jepit Taline Abang” saliyané duweni basa kang endah uga duweni nilai-nilai kabudayan, mligine kabudayan Jawa. Antologi guritan “Sandhal Jepit Taline Abang” mujudake buku antologi cerkak lan guritan anggitané Paguyuban Pengarang Sastra Jawa Surabaya.

Antologi guritan “Sandhal Jepit Taline Abang” (sabanjure dicekak SJTA), dipilih dadi aose rembug panliten amarga sajrone guritan iki duweni sawijine *benang merah* kang ndadekake guritan kasebut nyawiji. *Benang merah* sajrone guritan ing antologi kasebut yaiku arupa piwulangan sajrone urip kang

ditujukake marang pamaca lan pamrentah. Saliyané duweni *benang merah*, guritan kasebut dianggit dening para sastrawan Jawa lan sutrisna budaya Jawa kang isih nengenake rasa kurmat marang liyan kang wis ora ana, saliyané iku uga basa kang karonce saka tembung lan ukarane kebak kaendahan, dudu ukara kang diprangguli saben dina. Kaping telu, guritan kasebut isine ngenani piwulangan sajroning urip kang dituduhake lumantar nilai-nilai kabudayan Jawa.

Panliten kanthi aose rembug endahing basa lan endahing urip bebrayan sajrone antologi guritan SJTA kawedhar kanthi nggunakake titingan stilistika lan sosiologi sastra. Teori loro iki digunakake kanggo mangerteni luwih jeru piwulangan sajrone urip kang kepengin diandharake panggurit marang pamaca. Piwulangan kasebut diandharake lumantar basa kang endah basa kang wis diupakara saengga narik kawigatene pamaca. Kanggo nuduhake yen basa kang digunakake kasebut mujudake basa kang endah kamangka digunakake pamarekan stilistika, dene kanggo nuduhake yen sajrone antologi guritan kasebut kepengin ngandharake piwulangan urip digunakake pamarekan sosiologi sastra. Piwulangan sajrone urip diandharake minangka wujud endahing urip bebrayan.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, antologi geguritan SJTA durung nate diteliti mula novel iki narik kawigaten panliti kanggo didadekake objek panliten ngenani endahing basa lan endahing urip bebrayan nggunakake titingan stilistika lan sosiologi sastra. Bab kang bakal diteliti ing panliten iki yaiku endahing basa, kapindho endahing urip bebrayan, idheologi panggurit, lan dayaning tetembungan minangka pamedhar endahing urip bebrayan.

UNDERANE PANLITEN

- 1) Kepriye wujud endahing basa kang ana ing sajeroné antologi geguritan?
- 2) Kepriye wujud endahing urip bebrayan kang ana ing sajeroné antologi?
- 3) Kepriye dayaning tetembungan minangka pamedhar dayaning urip bebrayan?

TUJUWAN PANLITEN

- 1) Ngandharake panggunaane kaendahan basa sing ana sajeroné antologi guritan.
- 2) Ngandharake kaendahane urip bebrayan sing ana sajeroné antologi guritan.
- 3) Ngandharake dayaning tetembungan minangka pamedhar dayaning urip bebrayan.

PAEDAH PANLITEN

- 1) Kanggo ngundhakake seserepan tumrap pangrembakane karya sastra mligine guritan kang nggunakake titingan stilistika lan titingan sosiologi sastra,
- 2) Kanggo sarana pasinaonan basa lan sastra minangka ngrembakakake ilmu pendhidhikan basa lan sastra Jawa mligine ing bab kasusastran,

- 3) Kanggo nambah kawruh sajrone apresiasi sastra Jawa Modern marang masyarakat mligine bab guritan kang nggunakake tintingan stilistika lan tintingan sosiologi sastra.

WEWATESANE PANLITEN

- 1) Guritan: Pamikiranane manungsa kanthi konkret lan artistik sajrone basa emosional uga duweni wirama (Dunton sajrone Pradopo, 2012:6). Maknane yaiku guritan sinusun kanthi artistik (pamilihe tembung pas, slaras), basane kebak rasa pangrasa, lan duweni wirama kaya musik (Pradopo, 2012:6).
- 2) Endahing Basa: Cara nyusun lan nggambarake samubarang kanthi pas lan jeru saengga bisa nyuguhake nilai kaendahan tartamtu, pas marang pangangen-angen lan tujuwan diandharake (Aminuddin, 1995:8-9).
- 3) Endahing Urip Bebrayan: Endahing urip bebrayan bisa diwujudake saka solidaritas sosial. Solidaritas sosial mujudake sawijine bab asil saka polah bebarengan (Durkheim sajrone Faruk, 2014:28).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Guritan Jawa Modern

Guritan minangka karya sastra kang kawangun saka unsur puitis. Guritan karonce nggunakake tembung endah lan cekak, senajan mangkono guritan dudu samubarang kang ora duweni teges. Ora ana kang bisa weruh isine guritan yen ora sadhar menawa guritan iku karya estetis kang duweni teges, ora mung samubarang kang ora duweni teges (Pradopo, 2012:1). Guritan duweni wujud arupa tetembungan kang cekak, nanging teges kang diasilake luwih jembar dinimbang tembung kang digunakake, amarga tembung kang digunakake awujud tembung endah kang wis kapilih. Kaya kang diandharake Perrine (sajrone Siswantoro, 2010:23), yen guritan bisa ditegesi minangka jinise basa kang ngandharake luwih akeh lan bisa luwih temen dinimbang apa kang diandharake basa padinan. Tegese guritan cundhuk marang konteks, saben tembung ora mung ngemu basa kamus, nanging sinonim lan homonim. Tembung ora mung duweni makna tartamtu, nanging uga bisa nuwuhake kesadaran pamaca marang tetembungan liya kang gegayutan marang swara utawa makna tembung kasebut, utawa sangisore tembung kasebut, utawa tetembungan liya kang ora klebu sajrone jinise tembung kasebut (Wellek lan Warren, 2014:200).

Strukture Guritan

Guritan duweni struktur kang kaperang dadi loro, yaiku struktur lair lan struktur batin (<http://id.m.wikipedia.org/puisi>). Struktur lair guritan bisa kaperang dadi patang perangan, yaiku:

- 1) Wirama
Kabeh kang dibolan-baleni kanthi ajeg diarani wirama. Wirama sajrone basa yaiku

munggah-mudhune, dhuwur-cindheke, banter-aluse swara basa kang ajeg (Pradopo, 2012:40).

- 2) Tembung konkret
Slametmuljana (sajrone Pradopo, 2012:48) ngandharake yen guritan bisa duweni nilai seni, yen pangalaman jiwa minangka dhasare bisa didadekake tembung.
- 3) Imaji (Citraan)
Kanggo menahi gambaran kanthi gamblang kang bisa nuwuhake swasana mligi kanggo ngurupake gegambaran sajrone pikiran lan panginderaan uga kanggo narik kawigaten, panggurit nggunakake gambaran pamikiran kang diarani citraan (Pradopo, 2012:79).
- 4) Tipografi
Yaiku wujud guritan tuladhane kayata kaca kang ora kebak tetembungan, pangaturan barise, uga guritan kang ora diwiwiti huruf gedhe (<http://id.m.wikipedia.org/puisi>). Dene struktur batin guritan (<http://id.m.wikipedia.org/puisi>) kaperang dadi patang perangan uga, yaiku:
 1. Tema/ makna yaiku makna saben guritan.
 2. Rasa yaiku polahe panggurit marang masalah kang ana sajrone guritane.
 3. Nada yaiku polahe panggurit marang pamaca.
 4. Amanat yaiku pesen kang kepengin disampekake panggurit marang pamaca.

Endahing Basa

Ratna (2009:3) ngandharake yen stilistika mujudake ilmu ngenani gaya, dene gaya (*style*) yaiku tata cara kang duweni titikan, kepriye sawijine bab diandharake kanthi cara tartamtu, saengga tujuwan kang dimaksud bisa digayuh kanthi maksimal. Kanthi anane gaya, panggurit bisa nglairake sawijine karya anyar, amarga duweni tujuwan kanggo gawe mareme ati. Senajan mangkono, mareme ati saka gaya iki ora mung diutamakake kanggo pribadi, nanging uga kudu nyangkutake liyan. Dadi karya kang diripta kudu diselarasake marang liyan lan marang kahanan. Adhedhasar bab kasebut diperlokake anane wewatesan tartamtu. Kaya kang diandharake Ratna (2009:7), yen gaya kang linuwih, senajan bisa maremake atine dhewe, nanging bisa ngganggu liyan, amarga duweni selera dhewe-dhewe.

Analisis stilistika dikarepake kanggo ngandharake sawijine bab kang ana sajrone dunya kasusastran kanthi tujuwan ngandharake gegayutan antarane basa marang fungsi kaendahan lan maknane (Leech & Short sajrone Nurgiyantoro, 2013:373). Pasinaon stilistika yaiku pakaryan ngandharake basa, mligine ngandharake kreatifitas panganggone basa (Simpson sajrone Nurgiyantoro, 2014:76).

Pamilihe Tembung Lan Lelewane Basa

Kaendahane guritan kawawas saka pamilihe tembung kang pas. Guritan kang pas yaiku guritan kang nggunakake basa padhet, singkat lan nggunakake tembung kang cekak, amarga mung duweni tembung kang cekak, tembung-tembung kang dipilih kudu sugestif, tembung-tembung kang bisa nuwuhake makna asosiatif kang ora bisa kanthi

langsung diujarake (Nurgiyantoro, 2013:174). Nalika nggunakake tembung tartamtu kudu dipilih-pilih lan digoleki tembung kang pas supaya ngasilake karya kang endah. Kaya kang diandharake Keraf (2010:87) yen pamilihe tembung kang pas, medharake bab saguh orane tembung nuwuhake idhe kang pas sajrone pangangen-angen pamaca utawa pamiarsa, kaya apa kang dipikirake utawa dirasakake panggurit utawa pamicara.

Lelewane basa yaiku teknik kanggo ngandharake basa, gaya basa, lan maknane ora nuduhake makna harfiah tembung kang dadi panyengkuyung, nanging sajrone makna kang ditambahake utawa makna kang tersirat (Nurgiyantoro, 2014:216). Makna iki dudu makna kang bisa digoleki saka tembung ing karya sastra, nanging kudu digoleki saka sanjabane karya sastra. Maksud iki digunakake kanggo nuwuhake pamikiran panggurit nalika ngripta karya supaya manfaatake konotasi, makna kang ora ana langsung sanjerone karya sastra.

Ragam Basa

Ragam basa oleh pangaribawa saka basa Jawa kang digunakake sajrone karya kasusatraan ing jaman Mataram pungkasan abad 19, utamane basa Jawa minangka basa pacaturan abad 20. Bab kasebut ditandhai saka anane sawijine sistem tingkat kang ruwet, kawangun paling sithik saka sangang gaya basa (Koentjaraningrat, 1994:21). Sistem kasebut wajib dicakake lan dipasake marang bedane kalungguhan, pangkat, umur uga tingkat kaakraban antarane sing nyapa lan sing disapa. Bab kasebut sing nyebabake anane tingkat basa sing beda-beda. Gaya paling dhasar yaiku gaya ora resmi (ngoko), gaya rada resmi (madya) lan gaya resmi (krama). Saliyane telung gaya mau isih ana enem gaya liyane.

Titi Swara Utawa Purwakanthi

Titi swara uga diarani purwakanti. Purwakanthi miturut Padmosoekotjo (1953:58) yaiku nggandheng (swara utawa sastra) kang wis kasebut ing wiwitan, yaiku kang wis kasebut ana ing (perangane ukara) kang manggon ing ngarep utawa wiwitan. Titi swara utawa purwakanthi sajrone basa Jawa kaperang dadi telu yaiku 1) guru swara, 2) guru sastra lan 3) guru basa/ lumaksita.

Tembung Rangkep

Redhuplikasi utawa tembung rangkep yaiku proses morfemis kang mbaleni wujud dhasar utawa saperangan saka wujud dhasar kasebut (Verhaar, 2012:152). Redhuplikasi diperang dadi lima yaiku 1) dwilingga, 2) dwi lingga salin swara, 3) dwipurwa, 4) dwiwasana, lan 5) trilingga.

Tembung Garba Lan Tembung Entar

Tembung garba utawa kang diarani sandi yaiku tembung loro utawa luwih kang dirangkep dadi siji kanthi nyuda cacache wanda (Padmosoekotjo, :29).

Dene tembung entar yaiku tembung silihan, tembung kang ora kena ditegesi mung sawantahe wae (Padmosoekotjo, :35).

Tembung Saroja

Tembung saroja yaiku tembung loro utawa luwih kang padha utawa meh padha tegese banjur di gawe bebarengan (Padmosoekotjo, :25).

Rura Basa

Tembung rura basa ateges basa rusak. Basa kang wis luput kelantur-lantur, nganti ora kena dibenerake maneh (Padmosoekotjo, :31).

Struktur Leksikal

Struktur leksikal yaiku akehe relasi semantik kang ana ing sajrone tembung (Keraf, 2010:34). Struktur leksikal dibedakake dadi patang perangan yaiku 1) sinonimi, 2) polisemi, 3) hiponimi/homonimi, lan 4) antonimi.

Urip Bebrayan

Masyarakat mujudake manungsa kang urip bebarengan (Soekanto, 2014:22). Manungsa minangka indhividhu kang duweni gegayutan marang indhividhu liyane lan urip sajrone lingkungan kang padha (Faruk, 2014:17). Masyarakat kawangun saka interaksi antar indhividhu (Simmel sajrone Faruk, 2014:35). Masyarakat duweni kesadharan yen manungsa siji lan manungsa liyane duweni ketergantungan lan mujudake sawijine kesatuan. Amarga ngrasa kaiket siji lan sijine, kamangka bisa nuwuhake kabudayan (Soekanto, 2014:22).

Urip ing masyarakat bisa diarani endah yen masyarakat duweni solidaritas sosial lan duweni sipat rasionalitas. Solidaritas sosial yaiku hubungan antar indhividhu utawa kelompok kang dilandhesake marang prasaan moral lan kapercayan kang dianut bebarengan lan dikuatake saka pangalaman emosional (Johnson sajrone Faruk, 2014:28). Saliyane kuwi, urip ing bebrayan diarani endah yen uripe ing bebrayan tansah ayem lan tentrem. Slaras kaya andharane Hobber (sajrone Soekanto & Sulistyowati, 2014:28) yen kahanan kauripane manungsa kuwi dilandhesi saka pepinginan-pepinginan kang ndadekake padu, nanging dheweke nduweni pamikiran yen urip ayem lan tentrem kuwi luwih becik.

Sosiologi sastra bisa ditegesi minangka pendhekatan sastra kang nengenake kemasyarakatan (Wellek lan Warren, 2014:109). Sosiologi sastra nengenake masalah sastra lan kahanan sosial, adat istiadat lan politik. Pendhekatan sosiologi umum dilakoni kanthi nggayutake antarane sosial sastra lan masyarakat minangka dokumen sosial, minangka potret kasunyatan (Wellek lan Warren, 2014:110).

Nilai-Nilai Sajrone Kabudayan Jawa

Kabudayan yaiku mujudake kawruh, kapercayan, seni, moral, hukum, adat istiadat lan kabisan-kabisan kang oleh saka manungsa minangka

perangan saka bebrayan (Tylor sajrone (Seokanto & Sulistyowati, 2014:148). Kabudayan saben bebrayan kawangun saka unsur-unsur gedhe lan unsur-unsur cilik kang padha nyawiji. Sajrone kabudayan Jawa bakal ngrembaka nilai-nilai kang dianggep wigati tumrap masyarakat Jawa. Nilai-nilai kasebut isih diugemi nganti saiki nanging akeh uga kang wis ora diugemi maneh utawa wis luntur.

Nilai-nilai budaya Jawa diandharake dening Geertz sajrone bukune Abangan, Santri, Priyayi. Nilai-nilai kasebut antarane yaiku:

- (1) Wong Jawa kudu alus, berbudi luhur, alus tingkah lakune, sopan, lemah lembut, beradab ramah (Geertz, 1989:311).
- (2) Wong Jawa kudu duweni rasa (Geertz, 1989:320)
- (3) Wong Jawa kudu trima, sabar, ikhlas (Geertz, 1989:323).
- (4) Wong Jawa kudu andhap asor (Geertz, 1989:326).
- (5) Wong Jawa enthok-ethok kanggo ndhelikake maksud sawijine wong kanggo aweh pakurmatan marang mitrawicara (Geertz, 1989:331).

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten ngenani stilistika kang kawawas saka perangan konsep, titikan, lan lelandhesane teori kang digunakake sajrone panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Fenomena kang dikaji yaiku basa kang ana ing karya sastra. Panliten kualitatif ditumindakake kanthi ora ngutamakake angka-angka, nanging ngutamakake penghayatan marang pacaturan antar konsep kang dikaji kanthi empiris (Endraswara, 2013:5). Dheskriptif kualitatif yaiku panliten kang nengenake kanyatan utawa tandha-tandha empiris kang urip sajrone pribadine pamicara (Sudaryanto, 1993:62). Ancangan dheskriptif kualitatif, luwih nengenake nyathet kanthi tiliti lan cermat dhata kang awujud tembung, wacana lan liya-liyane.

DHATA LAN SUMBER DHATA

Sumber Dhata

Sumber dhata sajrone panliten yaiku asile dhata kang ditemukake (Arikunto, 2010:172). Panliten iki nggunakake sumber dhata awujud guritan kang duweni tema padha ing antologi guritan *Sandhal Jepit Taline Abang* anggitan Paguyuban Pengarang Sastra Jawa Surabaya taun 2016 lan karakit saka 120 kaca (gabungan antarane cerkak lan guritan).

Dhata

Miturut Arikunto (2010:161), dhata yaiku asil saka catetan panliti, arupa fakta utawa angka. Dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku dhata tulis arupa tembung-tembung kang ngandharake kaendahane basa lan kaendahane urip bebrayan sajrone antologi guritan SJTA. Sajrone guritan SJTA, tembung kang nuduhake kaendahane basa

ditemokake dhata salah sawijine yaiku purwakanthi. Dene tembung kang nuduhake kaendhane urip bebrayan ditemokake dhata arupa ajining kabudayan Jawa.

Instrumen

Instrumen yaiku alat kang digunakake kanggo nglumpukake dhata (Siswanto, 2010:73). Piranti kasebut awujud, (1) buku, buku kang digunakake yaiku buku reperensi lan buku tulis, (2) pulpen minangka piranti kanggo nulis bab-bab kang wigati lan ana gegayutane marang panliten, (3) laptop piranti kanggo proses ngetik dhata lan ngedhit asile panliten.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata carane ngumpulake dhata minangka trap-trapan kang paling *strategis* sajrone panliten, amarga tujuwan utamane yaiku kanggo ngasilake dhata (Sugiyono, 2015:224). Cak-cakane panglumpukane dhata ing ngisor iki.

- 1) Guritan ing antologi SJTA minangka objek panliten diwaca banjur dipilah lan dipilih endi kang duweni tema padha.
- 2) Sawise dipilah-pilah banjur dipilih tembung, frasa lan ukara kang kalebu ing analisis kaendahan basa.
- 3) Banjur ngonceki tembung, frasa lan ukara kang kalebu ing analisis kaendahane urip bebrayan.
- 4) Sawise diwaca lan dipilih banjur diwenehi tandha tumrap tembung kang ngemu perangan kang kalebu analisis kaendahane basa lan kaendahane urip bebrayan.
- 5) Ukara kang wis dikumpulake, banjur dipilih ukara kang trep cundhuk marang underane panliten lan diketig minangka lampiran dhata panliten kanthi diwenehi nomer urut.
- 6) Pungkasan yaiku *verifikasi* lan *validasi*.

Tata Cara Njlentrehake Dhata

Tata cara njlentrehake dhata yaiku dhata kang wis dipilih-pilih lan diperang kanthi klompok tartamtu laras karo kriteria kang diteliti, banjur dhata kasebut digarap (Arikunto, 2010:278). Sawise dhata kang dikarepake wis kecekel, banjur dhata iku diolah kanthi cara metodhe kang trep. Panliten iki diandharake miturut paugeran lan tatanan kang awujud ukara-ukara lan tetembungan. Dhata ing kene yaiku antologi guritan *Sandhal Jepit Taline Abang* anggitanane PPSJS. Dhata kang wis dikumpulake banjur dijlentrehake kanthi cara dheskriptif.

Tata Cara Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Asile panliten iki ditulis sawise panliti nglumpukake lan ngolah dhata, asiling panliten iki kaperang dadi lima, yaiku: BAB I PURWAKA, BAB II TINTINGAN KAPUSTAKAN, BAB III METODE PANLITEN, BAB IV ANDHARAN, BAB V PANUTUP.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Ragam Basa

Ragam basa sajrone antologi guritan SJTA anggitane PPSJS kaperang dadi lima yaiku, ragam ngoko, ragam krama, ragam campuran Jawa Indonesia, ragam campuran Jawa Inggris, lan ragam dialek surabayaana.

Ragam Basa Ngoko

- (1) Wayahe mangsa rendheng kaya ngene iki

Apa kang bakal mboklakoni, udan ngrekeh ora wis-wis (MR. KC 63. PD 1. GT 1-2)

Pethikan (1) ing ndhuwur mujudake panganggone tembung ngoko sajrone larik guritan. Dhata kasebut mujudake pethikan saka guritan kanthi irah-irahan "Mangsa Rendheng". Pethikan ing ndhuwur mujudake panganggone ukara saka tembung basa Jawa ngoko. Pethikan (1) ukara kasebut sakabehe nggunakake basa Jawa ngoko. Ukara pethikan kasebut mujudake basa Jawa ngoko dituduhake lumantar tembung *mboklakoni* kang duweni basa krama yaiku *lampahi*. Dipilih tembung-tembung ngoko mau amarga tembung kasebut diajab dening panggurit luwih gampang dimangerteni pamaca, kamangka saka sakabehe tembung ing ukara kasebut nggunakake basa Jawa ngoko.

Ragam Basa Krama

- (2) Ibu sepuh iku, kang kakung sampyuh ing kreteg pingir desa

Nalika nyegat sakompi walanda kena brondong jajne muncrat ludira

Delengen, kanthi mripst kemembeng waspa

Astane gemeter njait gendera (NG. KC 70. PD 3. GT 1-6)

Pethikan (2) ing ndhuwur mujudake panganggone basa krama sajrone antologi guritan SJTA. Dhata kasebut kapethik saka guritan kanthi irah-irahan "Njait Gendera". Panganggone tembung basa krama yaiku *sepuh kakung* lan *asta*. Tembung *sepuh* yaiku wujud basa krama saka tembung basa ngoko tuwa, dene tembung *kakung* yaiku saka basa ngoko lanang. Tembung *asta* yaiku wujud basa krama saka tembung basa ngoko *tangan*. Tembung kasebut digunakake dening panggurit kanggo menahi surasa alus marang wong kang ana ing guritan. Wong kasebut yaiku ibu kang wis tuwa umure. Surasa alus kasebut kanggo aweh

pakurmatan marang wong wadon tuwa ing sapinggire desa kang ditinggal mati dening bojone.

Ragam Campuran (Jawa-Indonesia)

- (3) Ana pawongan lanang seneng blangkonan

Rikala semana isih mudha teruna wis tau dadi wartawan (SJTA. KC 61. PD 1. GT 1-2)

Pethikan (3) ing ndhuwur mujudake panganggone basa Jawa kang dicampuri basa Indonesia sajrone antologi guritan SJTA. Dhata kasebut kapethik saka guritan kanthi irah-irahan "Sandhal Jepit Taine Abang". Panganggone basa Indonesia sajrone guritan kasebut dituduhake ing panganggone tembung *wartawan*. Tembung kasebut kajupuk saka basa Indonesia kang duweni teges wong kang duweni pakaryan nulis kabar utawa brita, lan tulisane dikirim banjur dimuat ing medhia massa. Maksud saka pethikan kasebut yaiku nyritakake wong kang wis nulis brita lan brita kang ditulis kasebut disebarake lumantar medhia massa, senajan umure isih enom.

Ragam Campuran (Jawa-Arab)

- (4) Wayahe mangsa rendheng kaya ngene iki

Enake udut lan ngopi, ora usah ngrasani kancane

Apa maneh su'udzon karo kang seneng korupsi. Ora usah (MR. KC 63. PD 5. GT 1-3)

Pethikan (4) ing ndhuwur mujudake panganggone basa Jawa kang kacampuran basa manca Arab sajrone antologi guritan SJTA. Dhata kasebut kapethik saka guritan kanthi irah-irahan "Mangsa Rendheng". Panganggone basa Arab sajrone guritan kasebut dituduhake ing panganggone tembung *su'udzon*. Tembung kasebut kajupuk saka basa Arab kang ngemu teges duweni prasangka ala. Maksud pethikan guritan ing ndhuwur yaiku ora oleh duweni pikiran kang ora-ora marang wong kang seneng korupsi, ben wae yen korupsi ya dijarne wae.

Ragam Campuran (Jawa-Inggris)

- (5) Jarene kancaku lawas, sing wis ora ketemu babar blas

Pirang-pirang taun, pirang-pirang wektu Anane mung ketemu ing donyane maya

Aran *facebook*, nanging ya mung arangkadhing (GSK. KC 65. PD 1. GT 1-4)

Pethikan (5) ing ndhuwur mujudake panganggone basa Jawa kang kacampuran basa manca Inggris sajroné antologi guritan SJTA. Dhata kasebut kapethik saka guritan kanthi irah-irahan “Gurit Serat Kodrat”. Panganggone basa Inggris sajroné guritan kasebut dituduhake ing panganggone tembung *facebook*. Tembung kasebut kajupuk saka basa Inggris, kang duweni teges salah sawijine situs jejaring sosial kang ana ing jagade web. Maksudé pethikan guritan ing ndhuwur yaiku pethuk karo wong liya mung lumantar dunya maya wae, kang duweni jeneng *facebook*. Cethukane uga ora saben dina, nanging arang kadhing.

Ragam dhialek

(6) Sapa ta sing mbubrahi balai Pemuda kuwi
Pelataran jembar kang wis apik-apik digawe
dolanane arek-arek kok digawe resek (SMBPK. KC 66. PD 1. GT 3)

Pethikan (6) mujudake panganggone sawijine dhialek Surabayaan kang ana sajroné antologi guritan SJTA. Pethikan kasebut mujudake pethikan saka guritan kanthi irah-irahan “Sapa Mbubrahi Balai Pemuda Kuwi”. Dhialek Surabayaan dituduhake lumantar tembung *arek-arek*. Tembung *arek-arek* mujudake titikan saka panganggone dhialek Surabayaan kang gampang diweruhi. *Arek-arek* ing basa Jawa diarani bocah-bocah utawa kanca-kanca. Tembung *arek-arek* digunakake kanggo ngarani bocah kang luwih saka siji. Maksudé pethikan kasebut yaiku panggonane bocah-bocah kang biasane digawe dolanan, saiki malah akeh reseke utawa akeh bab kang dadi reridhu.

Titi Swara utawa Purwakanthi

Titi swara kaperang dadi telu, yaiku purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra, lan purwakanthi lumaksita.

Purwakanthi guru swara

Purwakanthi guru swara sajroné antologi guritan SJTA diperang dadi lima, yaiku purwakanthi guru swara /a/, purwakanthi guru swara /i/, purwakanthi guru swara /u/, purwakanthi swara /e/ lan purwakanthi swara/o/.

(7) Ana pawongan lanang seneng blangkonan
Rikala semana, isih mudha teruna wis tau dadi wartawan (SJTA. KC 61. PD 1. GT 2)

Pethikan (7) guritan kanthi irah-irahan “Sandhal Jepit Taline Abang” kalebu purwakanthi guru swara /a/ kang bisa dideleng saka tembung kang digunakake ing ndhuwur. Pethikan kasebut bisa ditegesi pangudarasane pangurit nalika nyritakake wong kang seneng nggawe blangkon. Pangurit nalika nyritakake uga ngeling-ngeling umur wong kang seneng ngawe blangkon kasebut. Pranyata nalika isih enom, wong kang seneng nggawe blangkon kasebut wis dadi wartawan. Dadi bisa ditegesi yen nalika kuwi wong lanang kang isih mudha kuwi seneng blangkonan, lan nalika isih enom wis dadi patuladhane para rumaja ing jamane amarga dheweke wis bisa dadi wartawan, saengga pangurit nyritakake bab kasebut amarga rasa *kagum* marang wong kasebut. Wong kasebut yaiku alm. Suparto Brata.

Purwakanthi Guru Sastra

Sajroné antologi guritan SJTA uga ana purwakanthi guru sastra kang dumadi saka pitung perangan, yaiku purwakanthi guru sastra /t/, purwakanthi guru sastra /s/, purwakanthi guru sastra /h/, purwakanthi guru sastra /ng/, purwakanthi guru sastra /k/, purwakanthi guru sastra /dh/ lan purwakanthi guru sastra /r/.

(8) Carang pring garing
Brundhul tanpa ron-ron aking
Tumiyung tinerak pawana
Dadi sasmita lakune urip (MP. KC 111. PD 1. GT 1-4)

Pethikan (8) guritan kanthi irah-irahan “Medhitasi Pring” uga kalebu purwakanthi guru sastra /ng/ kang bisa dideleng saka pethikan ukara *carang pring garing*. *Carang pring garing* digunakake minangka gegambarane urip. Carang pring kang wis garing ora duweni godhong, semono uga manungsa bakal ditinggalna.

Purwakanthi Lumaksita

(9) Apa kang bakal mbok lakoni, udan ngrekeh ora wis-wis
Kayadene swarane tangis. Tangise mega ana angkasa (MR. KC 63. PD 2. GT 3)

Pethikan (9) guritan kanthi irah-irahan “Mangsa Rendheng” ing ndhuwur dumadi saka purwakanthi lumaksita, kang bisa dideleng saka pethikan ukara *kayadene swarane tangis. tangise mega ana angkasa*. Anane purwakanthi lumaksita dituduhake lumantar tembung *tangis* lan *tangise*. Tembung-tembung kasebut kalebu purwakanthi lumaksita amarga kaloro tembung kasebut dumadi saka tembung lingga kang padha yaiku *tangis*. Purwakanthi lumaksita *kayadene swarane tangis, tangise mega ana angkasa* duweni maksud udan. Mega sing nangis yaiku mega kang lagi udan, lan udan iku menthe duweni swara, amarga tekane bebarengan.

Tembung Rangkep

Tembung rangkep akeh ditemokake sajrone antologi guritan SJTA. Tembung rangkep kaperang dadi lima antarane yaiku dwilingga, dwilingga salin swara, dwipurwa, dwiwasana lan trilingga.

Dwilingga

- (10) Wayahe mangsa rendheng kaya ngene iki
Apa kang bakal mbok lakoni, udan ngrekeh ora wis-wis (MR. KC 63. PD 1. GT 1-2)

Pethikan (10) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Mangsa Rendheng” iki nuduhake tembung rangkep kang awujud dwilingga. Tembung *wis-wis* iki awujud tembung rangkep dwilingga. Tembung *wis-wis* kagolongake dwilingga amarga tembung lingga kang karangkep wutuh tanpa ana owah-owahan apa-apa. Tembung ora wis-wis ngemu teges ora ana enteke, terus-terusan.

Dwilingga Salin Swara

- (11) Iki guritku minangka piadnelku
Marang sira kang murang tata
Murak-marik bebrayan (GW. KC 77. PD 3. GT 3-5)

Pethikan (11) sajrone guritan kanthi irah-irahan “Gurite Wongasu” nuduhake panganggone tembung rangkep kang awujud dwilingga salin swara. Tembung *murak-marik* awujud tembung rangkep dwilingga salin swara. Tembung *murak-marik* kagolong tembung rangkep dwilingga salin swara amarga tembung lingga sing karangkep antuk owah-owahan swara. Tembung *murak-marik* ora bisa digoleki tembung linggane.

Dwipurwa

- (12) Sapa ta sing keblinger, nganti dadi lali
Nek ana tetenger, ana tengahing (SMBPK. KC 66. PD 5. GT 1-2)

Pethikan (12) sajrone guritan kanthi irah-irahan “Sapa Mbubrahi Balai Pemuda Kuwi” nuduhake tembung rangkep kang awujud dwipurwa. Tembung *tetenger* iki awujud tembung rangkep dwipurwa. Tembung *tetenger* asale saka satembung tenger oleh pangrangkepe purwane tembung lingga utawa pangrangkepe wanda kawitan, tenger dadi *tetenger*. Dwipurwa bisa ndhapuk tembung kriya utawa tembung aran. Tembung *tetenger* kasebut ndhapuk tembung aran. Tembung *tetenger* duweni teges sawijine tandha kanggo menehi pangerten ngenani sawijine bab.

Dwiwasana

- (13) Kabeh tumungkul ana ngarepe
Geneya kowe ndhengangak (SK. KC 106. PD 1. GT 1-2)

Pethikan (13) sajrone guritan kanthi irah-irahan “Sakeclapan” nuduhake pangangone tembung rangkep dwiwasana. Tembung *ndhengangak* iki awujud tembung rangkep dwiwasana. Tembung *ndhengangak* kawangun saka tembung lingga *ndhengak* oleh parangkep ana ing mburine, *ndhengak* dadi *ndengakngak* dadi *ndhengak*. Dwiwasana ngandharake bab kang ora gumathok utawa ora ajeg tegese, nanging uga bisa ngemu teges mabal-ambal.

Tembung Garba lan Tembung Entar

- (14) Ngundhuh wohing pakartine dhewe
(MR. KC 64. PD 1. GT 5)

Pethikan (14) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Mangsa Rendheng” nuduhake makna entar. Teges entar sajrone ukara ing ndhuwur dituduhake lumantar tembung *wohing*. Ukara ngundhuh wohing pakarti ora duweni teges sabenera, teges sebenere tembung woh yaiku asile tetanduran. Ukara ing ndhuwur tegese dadi owah, ukara ngundhuh wohing pakarti malih dadi ngrasakake asil tumindak sing dilakokake sasuwene iki, yen pakartine apik ya bakal nampa bab sing apik lan sawalike.

Tembung Saroja

- (15) Ana pawongan lanang seneng blangkonan
Rikala semana, isih mudha teruna wis tau dadi wartawan (SJTA. KC 61. PD 1. GT 1-2)

Pethikan (15) guritan kanthi irah-irahan “Sandhal Jepit Taline Abang” nuduhake panggunaane tembung saroja. Tegese tembung saroja yaiku nuduhake prakara sing duweni sesambungan uga kanggo mbangetake kahanan. Tembung saroja sajrone ukara ing ndhuwur dituduhake lumantar ukara *mudha teruna*. Tembung mudha duweni teges enom, lan teruna uga duweni teges enom. Rong tembung kasebut isih duweni sesambungan, yen digabung duweni teges mbangetake, yaiku isih enom banget.

Rura Basa

- (16) Ora gelem weweh. Nanging pameran olehe awèh zakat
Kareben mlebu televisi katon nek isih mbagi rejeki (GSK. KC 65. PD 3. GT 4-5)

Pethikan (16) sajrone guritan kanthi irah-irahan “Gurit Serat Kodrat” iki nuduhake panggunane rura basa kang bisa dideleng saka pethikan ukara *kareben mlebu televisi katon nek isih mbagi rejeki*. Saka ukara ing ndhuwur kasebut sing nuduhake panggunaane rura basa yaiku tembung mlebu televisi. Mlebu televisi ditegesi minangka basa sing salah nanging wis dianggep lumrah. Tembung mlebu televisi tegese yaiku shoting neng ngarep kamera saengga bisa ditayangake ing siaran televisi. Nanging yen nggunakake basa sing pener, basa sing duweni teges sanyatane, malah kaanggep salah.

Struktur Leksikal Dasanama

- (17) Kandhane manungsa kudu nulis utawa ditulis
Mula ora tau leren anggone nulis crita utawa warta (SJTA. KC 61. PD 2. GT 2-3)

Pethikan (17) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Sandhal Jepit Taline Abang” iki nuduhake panggunane sinonim. Makna sinonim dituduhake lumantar ukara *mula ora tau*

leren anggone nulis crita utawa warta. Dhata ing ndhuwur nggunakake tembung kang padha tegese. Tembung crita ngemu teges padha karo tembung warta, kalorone duweni makna sawijine karya kang diasilake lumantar tulisan. Tembung-tembung kuwi beda tembung antarane crita lan warta, nanging padha-padha duweni teges karya sastra.

Hiponimi/ Homonimi

- (18) Sandhal jepit talenan abang
Sanhale pawongan kang wani udhu dhuwit
Kanggo gawe buku sastra: cerak utawa gurit (SJTA. KC 61. PD 3. GT 1-3)

Pethikan (18) ana sajrone guritan kanthi irah-irahan “Sandhal Jepit Taline Abang” iki nuduhake panggunane hiponimi. Makna hiponim dituduhake lumantar ukara *kanggo gawe buku sastra: cerak utawa gurit*. Dhata ing ndhuwur nggunakake tembung sing meh padha, cerkak lan gurit disebut uga sastra. Tembung cerkak lan tembung gurit diarani hiponimi amarga kalorone tembung kuwi mujudake perangan saka sastra. Tembung sastra mujudake hipernimi amarga tembung sing umum digunakake utane disebutake.

Antonimi

- (19) Rikala semana, isih mudha teruna wis tau dadi wartawan
Nganti tuwa ora tau leren gawe tulisan (SJTA. KC 61. PD 1. GT 2-3)

Pethikan (19) sajrone guritan kanthi irah-irahan “Sandhal Jepit Taline Abang” nuduhake panggunane makna antonim. Ukara *rikala semana, isih mudha teruna wis tau dadi wartawan, nganti tuwa ora tau leren gawe tulisan* nggunakake tembung kosok balen utawa antonimi. Tembung mudha duweni tembung kosok balen tuwa. Ukara isih mudha teruna wis tau dadi wartawan, nganti tuwa ora tau leren gawe tulisan digunakake panggurit kanggo negesake makna guritan kasebut kanthi cara mbandhingake antarane tembung mudha lan tuwa. Maksud saka ukara kasebut yaiku wong kang dicritakake sajrone guritan wiwit enom nganti tuwa wis duweni kaprigelan ing bab nulis, seneng nulis.

Endahing Urip Bebrayan

Bebrayan mujudake manungsa kang urip bebarengan. Bebrayan diasilake saka anane

pacaturan antar indhividhu kang duweni kapentingan padha.

Bebrayan ora bisa dipisahake saka kabudayan amarga saben bebrayan mesthi duweni sawijine kabudayan. Soemardjan (sajrone Soekanto & Sulistyawati 2014:21) ngandharake yen bebrayan mujudake wong kang urip bebarengan, lan ngasilake kabudayan.

Ajining Budaya Jawa sajrone Guritan

(20) Sandhal Jepi Taline Abang

Dhata (20) guritan kanthi irah-irahan “Sandhal Jepit Taline Abang” isine ngandharake ngenani sawijine wong kang wis kondhang jenenge ing bebrayan. Panjenengane mujudake wong kang seneng ngripta karya sastra. Wong kasebut yaiku almarhum Suparta Brata. Sajrone guritan diceritakake kepriye uripe lan apa pepinginane Suparta Brata nalikane gesang. Nalika isih enom Suparto Brata wis seneng ngripta tulisan, dituduhake lumantar dheweke tau dadi wartawan. Saliyane nulis asiling saka wartawan, dituduhake lumantar ukara *isih mudha teruna wis tau dadi wartawan*. Dheweke uga seneng nulis apa wae. Tulisane ora mung arupa warta wae, nanging uga ngenani crita-crita.

Suparta Brata mujudake wong kang kepengin ngrembakake sawijine karya tulis, dituduhake lumantar ukara *wong kang wani udu dhuwit, kanggo nggawe buku sastra: cerkak utawa gurit*. Dheweke gelem melu udhu dhuwit yen dhuwit kasebut digunakake kanggo biyaya nggawe buku. Buku kang bakal dimodhali kasebut mujudake buku sastra kang isine bisa cerkak bisa guritan. Dheweke gelem aweh dhuwit marang para panulis kang bakal nerbitake bukune, amarga dheweke duweni lelandhesan yen manungsa sawise ora ana bab kang bakal ditinggalna mung karyane, lan karya kasebut bakal dielingi ing bebrayan, kamangka Suparta Brata akeh nulis amrih nalika dheweke wis ora ana, dheweke panggah dielingi dening liyan amarga karya-karyane wis akeh diweruhi wong ing bebrayan.

Suparta Brata mujudake wong kang ora kepengin dicap linuwih dening liyan. Dheweke isih tetep ngugemi ajining kabudayan Jawa. bab kasebut diandharake lumantar ukara *ana pawongan lanang seneng blangkonan*. Dheweke isih panggah nggawe blangkon. Blangkon mujudake tutupe sirah sing digawe saka bathik lan digawe ing sirah. Blangkon mujudake perangan sandhangan tradhisional Jawa. Dheweke seneng nggawe blangkon nuduhake

yen dheweke ngugemi nilai-nilai kabudayan Jawa. saliyane kuwi, Suparta Brata nggawe sendhal jepit kang mujudake sendhale wong kelas ngisor. Bab kasebut nuduhake yen dheweke duweni sipat andhap asor kang mujudake ajining kabudayan Jawa. Sendhal jepit kasebut diwenahi tali werna abang ing srampate supaya beda marang sandhal jepit liyane.

Sajrone guritan kasebut uga ngandharake yen kekarepane Suparta Brata supaya dheweke tetep ana nalika dheweke wis seda ora kalakon kanthi apik. Dituduhake lumantar ukara *asmane tetep kalis dipangan jaman*. Karyane Suparta Brata wis akeh dilalekake. Jenenge wis ora kondhang maneh kaya nalika isih gesang.

Saka guritan kasebut diajab, pamaca bisa duweni sawijine karya, ora mung dadi wong sing maca karya, nanging uga bisa ngripta karya sastra. Amarga karya sastra bakal urip salawase senjata wong kang ngripta wis ora ana. Saliyane iku uga diajab, pamaca bisa duweni rasa andhap asor ing bebrayan, pamaca kudu ngugemi ajining kabudayan Jawa lan dicakake sajrone bebrayan.

Ajining Kabudayan Jawa

Kabudayan kang ana sajrone antologi guritan SJTA yaiku kabudayan Jawa, kamangka nilai-nilai kabudayan sing bakal diandharake yaiku nilai-nilai kabudayan ing bebrayan Jawa. Nilai-nilai ing bebrayan Jawa akeh renane, senjata kemampuane manungsa Jawa winates saengga asile kabudayan uga winates, nanging isih diugemi dening masyarakat kanthi saiki. Nilai-nilai kabudayan Jawa antarane yaiku wong Jawa kudu alus, berbudi luhur, alus tingkah lakune, sopan, lemah lembut, lan kudu grapyak (Geertz, 1989:311).

- (21) Klambine surjan lurik, dicanteli pin gendera
Abang putih katon apik, sandhale jepit (SJTA. KC 61. PD 1. GT 4-5)

Pethikan (21) guritan kanthi irah-irahan “Sendhal Jepit Taline Abang” nuduhake pangecake ajining kabudayan Jawa. Kabudayan Jawa kang dicakake sajrone pethikan guritan kasebut yaiku andhap ashor. Andap asor dituduhake lumantar ukara *klambine surjan lurik lan sandhale jepit*. Klambi surjan lurik kasebut mujudake sandhangan wong Jawa kang nuduhake wong kang alus lan andhap asor. Sandhal jepit uga nuduhake tumindak andhap ashor

Ajining Kabudayan Jawa Eling lan Prihatin

- (22) Gurit kang dak uri-uri gawe
wewalere urip
Urip kang sanyatane gur mampir
gegojegan (GW. KC 77. PD 6. GT 2-3)

Pethikan (22) guritan kanthi irah-irahan “Gurite Wongasu” nuduhake pangecake ajining kabudayan Jawa. Kabudayan Jawa kang digunakake sajroné pethikan guritan kasebut yaiku eling lan prihatin. Eling lan prihatin kasebut dituduhake lumantar ukara *urip kang sanyatane gur mampir gegojegan*. Panggunane ukara kasebut minangka pangeling-elingé manungsa, yen urip ing dunya kuwi ana watese. Kabeh manungsa sing urip bakal mati. Digambarake lumantar tembung mampir gegojegan, manungsa urip ora bakal salawase, mung sadilut. Eling lan prihatin kudu dicakake ing bebrayan, kanggo pangeling-elingé manungsa yen manungsa bakal bali menyang Gustine. Sawise eling, manungsa kasebut bakal nindakake bab kang becik, ora bakal tumindak sing bakal ngrugikake dheweke lan liyan. Minangka wong Jawa kang urip ing bebrayan Jawa kasebut ngugemi salah sawijine ajining kabudayan Jawa yaiku eling lan prihatin, kamangka urip kang tentrem bakal kagayuh. Nalika wong wis ngecakake eling lan prihatin kamangka wong kasebut ngecakake ajining kabudayan Jawa.

Idheologine Panggurit

Idheologi panggurit mujudake sawijine kategori sing nyakup keyakinan, nilai, konsep ngenani cara kerjane dunya uga kepriye manungsa menéhi respon menyang liyan utawa timbal balik menyang liyan lan lingkungane.

- (23) Tengsoe Tjahjono

Dhata (23) panggurit Tengsoe Tjahjono nggunakake idheologi eling lan prihatin. Eling lan prihatin mujudake salah sawijine ajining kabudayan Jawa kang kudu diugemi sajroné bebrayan Jawa. Tengsoe nggunakake idheologi eling lan prihatin sajroné guritan-guritane saperlu ngelingake liyan supaya duweni prilaku kaya kang dikarepake. Dheweke kepengin manungsa eling marang Gusti, yen apa kang diundhuh diasilake saka apa kang tandur. Sajroné guritane Tengsoe, isine nyritakake kahanane manungsa kang lali marang Gustine. Manungsa ora sadhar yen manungsa sejatine amung lebu sing ora duweni makna. Tengsoe nggunakake idheologi eling lan prihatin supaya

manungsa eling lan prihatin sajroné urip. Nalika manungsa duweni rasa eling lan prihatin, saben polahe manungsa bakal nindakake bab sing becik. Tengsoe kepengin kabeh sing urip ing bebrayan duweni sipat eling lan prihatin marang uripe supaya bisa urip slaras bebarengan.

Dayaning Tetembungan Minangka Dayaning Urip Bebrayan

Karya sastra duweni pangaribawa tumrap polahe manungsa. Nalika sajroné karya sastra kasebut ngandharake kahanan kang becik kamangka para pamaca precaya yen tumindak kasebut tumindak becik, banjur pamaca nindakake tumindak kasebut tumrap bebrayan. Pangaribawane karya sastra bisa menéhi pangaribawa tumrap manungsa ing bebrayan. Manungsa bisa ngripta karya sastra saperlu menéhi pangaribawa marang liyan ngenani bab kang kepengin diandharake lan kepengin dirubah dadi luwih becik kaya kang dikarepake.

Dayaning Tembung Minangka Dayaning Urip Bebrayan Rukun

Urip rukun mujudake salah sawijine bab kang kepengin digayuh dening wong kang urip sajroné bebrayan. Diarani urip rukun yen wong siji lan sijine sajroné bebrayan duweni tujuwan tartamtu kang kudu dijaga bebarengan. Saliyane iku uga, diarani rukun yen wong sajroné bebrayan duweni sawijine toleransi lan ora padha musuh, padha njaga siji marang sijine.

- (24) Umat kang kaya ngono, lali marang
Sapadha-padha, lali marang Gusti
kang paring rejeki
Nguntal dhuwite liyan, dalane saka
korupsi (MR. KC 63. PD 4. GT 3-5)

Dhata (23) mujudake salah sawijine pethikan sajroné antologi guritan SJTA. Pethikan kasebut ngandharake ngenani korupsi kang njupuk duweke liyan. Lumantar ukara *nguntal dhuwite liyan, dalane saka korupsi* diandharake yen korupsi mujudake tumindak njupuk dhuwite liyan. Wong kang korupsi sejatine duweni dhuwit dhewe, nanging isih rumangsa kurang marang dhuwite dhewe, banjur ngrebut dhuwite liyan. Para koruptor kasebut duweni rasa ora puas marang apa kang diduweni lan wong kasebut iri marang liyan, saengga rumangsa yen dheweke duweni kekurangan bab dhuwit. Dhuwit kang dikorupsi kasebut ora diweruhi dhuwite sapa. Yen dhuwit kasebut mujudake dhuwite wong mlarat,

kamangka para koruptor kasebut ora duweni rasa nyawiji tumrap bebrayan. Para koruptor luwih nengenake kapentinganane dhewe dinimbang kapentinganane liyan. Dheweke ora duweni rasa saiba marang liyan kang uripe luwih kurang saka dheweke. Mangan dhuwite liyan nuduhake tumindak ora rukun sajrone bebrayan. Kanggo nuwuhake rasa rukun sajrone urip bebrayan, kamangka kudu ngedohi tumindak ala, yaiku korupsi. Bab kasebut kudu di tindakake saperlu nggayuh endahing urip bebrayan.

Wong kang urip sajrone bebrayan kudu rukun marang liyan. Karukunan kasebut ditindakake kanthi cara ora ngrebut duweke liyan sing dudu hake dhewe. Bab kasebut bisa ndadekake rasa ora tentrem sajrone urip. Nalika manungsa korupsi, uripe bakal luwih mulya amarga pikoleh bandha minangka asil njupuk bandhane liyan, nanging sajrone ati duweni rasa was-was lan wedi yen tumindake kasebut diweruhi liyan, banjur ndadekake dheweke isin. Manungsa kudu rukun marang liyan sajrone bebrayan dituduhake kanthi cara ora iri marang liyan. Kudu duweni rasa nyawiji marang liyan. Kudu ngrasa yen apa kang diduweni liyan minangka rejekine liyan, lan melu seneng nalika liyan pikoleh kasenangan. Nalika ana sawijine wong sajrone bebrayan kang nandang kasusahan, uga kudu ngrasa susah, banjur menahi pitulungan tumrap wong kasebut.

Sajrone antologi guritan SJTA ana sawijine pethikan ngenani tumindak korupsi. Pethikan kasebut duweni pangaribawa tumrap pamaca yaiku pamaca ora oleh tumindak ala arupa korupsi, kang bisa agawe susahe liyan. Manungsa sajrone bebrayan kudu duweni tumindak becik lan kudu ngugemi ajining tumindak rukun sajrone bebrayan. Nalika manungsa tumindak rukun marang liyan sajrone bebrayan kamangka endahing urip bebrayan bakal kagayuh.

PANUTUP

Bab kang pungkasan iki, bakal diandharake dudutan kang magepokan karo materi kang di tliti. Dudutan iki kajupuk saka andharan-andharan kang wis diandharake sajrone bab sadurunge. Kejaba iku uga diandharake sawenehe pamrayoga kang gegayutan karo panliten iki.

Dudutan

Antologi guritan *Sandhal Jepit Taline Abang* mujudake sawijine karya sastra kang diripta dening Paguyuban Pengarang sastra Jawa Surabaya kanthi nengenake kaendahane

basa. Kaendahane guritan bisa kawawas saka wewujudane basa kang rinakit kanthi apik lan slaras kaya kang manggon sajrone pamilihe tembung supaya ndadekake tembung dadi endah. Panggurit nggunakake tembung kang endah kanggo nyulih bab kang kepingin diwedharake. Kejaba iku, panggurit uga milih tembung-tembung kang kapaes slaras marang kahanan ing bebrayan kanggo menahi kritik marang liyan sajrone bebrayan.

Kaendahane ukara kang tuwuh nyengkuyung makna isi sajrone antologi guritan *Sandhal Jepit Taline Abang* awujud piwulngan sajrone urip marang bebrayan. Kanthi nggunakake tembung kang kapaes kanthi becik, ndadekake bab kang diwedhar panggurit krasa mentes. Kaendahane ukara duweni pangaribawa tumrap endahing urip bebrayan. Bab kang diwedhar kanggo menahi pangaribawa sajrone antologi guritan *Sandhal Jepit Taline Abang* arupa polah tingkahe bebrayan kang lali marang Gustine, polah tingkahe bebrayan kang lali marang sapatpadha lan polahe manungsa kang ngakibatake rugine dhewe.

Tembung kang karonce kanthi apik sajrone antologi guritan *Sandhal Jepit Taline Abang* nuduhake endahing basa, lan endahing urip bebrayan. Endahing basa kang kapacak ing antologi guritan *Sandhal Jepit Taline Abang* arupa ragam basa (ragam krama, ragam ngoko, ragam campuran Jawa-Inggris, ragam campuran Jawa-Indonesia, ragam campuran Jawa-Arab, ragam dhialek), titi swara (purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra, purwakanthi guru lagu/lumaksita), tembung entar, tembung saroja, tembung rangkep (dwilingga, dwilingga salin

swara, dwiwasana, dwiwasana) rura basa, lan struktur leksikal (dasanama, hiponimi, antonimi). Endahing urip bebrayan kang kapacak sajrone antologi guritan *Sandhal Jepit Taline Abang* yaiku ajining kabudayan Jawa (andhap asor, nriman, sabar lan ikhlas, budi luhur, kurmat marang liyan kang duweni drajat luwih dhuwur, uga yakin yen ana suwarga lan neraka). Panganggone tembung kang karoncek kanthi apik, slaras lan trep marang kabudayan bisa nambahi wujud endahing basa lan endahing urip bebrayan sajrone antologi guritan *Sandhal Jepit Taline Abang*.

Pamrayoga

Panliten iki mung ngrembag saperangan sapek endahing basa lan endahing urip bebrayan sajrone antologi guritan *Sandhal Jepit Taline Abang*. panliten iki isih adoh saka

kasampurnan. Aspek-aspek liyane kang gegayutan marang endahing basa lan endahing urip bebrayan isih durung kabedhah kanthi rowa. Mula, preli dianakake panliten kang mirunggan babagan endahing basa lan

endahing urip bebrayan sajrone antologi guritan *Sandhal Jepit Taline Abang* kanthi luwih njlimet.

KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 1995. *Stilistika: Pengantar Memahami Bahasa dalam Karya Sastra*. Semarang: IKIP Semarang Press
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS
- Faruk. 2012. *Metode Penelitian Sastra: Sebuah Penjelajahan Awal*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- _____. 2014. *Pengantar Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Geertz, Clifford. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi Dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Geertz, Hildred. 1983. *Keluarga Jawa*. Jakarta: PT Temprint
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah kasusastraan Jawa Modern*. Surabaya: Pusat Bahasa
- Keraf, Gorys. 2010. *Diksi dan gaya Bahasa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Koentjaraningrat. 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- _____. 2014. *Stilistika*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Padmosoekotjo, S. _____. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing
- _____. 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Jogjakarta: Penerbitan Soejadi Jogjakarta
- _____. 1960. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Kang
- _____. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: Citra Jaya Murti
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2012. *Pengkajian puisi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika: kajian puitika bahasa, sastra, dan budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Ras, J. J. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta: grafitipers
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Siswantoro. 2010. *Metode Penelitian Sastra: Analisis Struktur Puisi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Soekanto, Soerjono & Sulistyawati. 2014. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Rajagrafindo Persada
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University
- Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif lan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Surabaya, Paguyuban Pengarang Sastra Jawa. 2016. *Sandhal Jepit Taline Abang*. Surabaya: Satu Kata book@art Publisher
- Suwarni, dkk. 2016. *Sastra Jawa Klasik: Antara Kreasi dan Adaptasi*. Surabaya: Bintang Surabaya
- Wellek, Rene dan Warren, Austin. 2014. *Teori Kasusastran*. Jakarta: Gramedia
- Verhaar, J.W.M. 2012. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press

Wikipedia.____. Basa Arekan, (online),
(http://id.m.wikipedia.org/basa_arekan, diakses 8 Oktober 2017)

Wikipedia.____. Purwakanthi, (online),
(<http://id.m.wikipedia.org/wiki/purwakanthi>, diakses 17 Maret 2017)

Wikipedia.____. Ragam Bahasa, (online),
(https://id.m.wikipedia.org/wiki/Ragam_bahasa, diakses 17 Maret 2017)

Wikipedia.____. Pepindhan, (online),
(<https://jv.m.wikipedia.org/wiki/Pepindhan>, diakses 1 April 2017)

Wikipedia.____. Tembung Saroja, (online),
(<https://jv.m.wikipedia.org/wiki/TembungSaroja>, diakses 2 April 2017)

Wikipedia.____. Paribasan, (online),
(<https://jv.m.wikipedia.org/wiki/Paribasan>, diakses 2 April 2017)

Wikipedia.____. Puisi, (online),
(<http://id.m.wikipedia.org/puisi>, diakses 8 Oktober 2017)

Wikipedia.____. Saloka, (online),
(<https://jv.m.wikipedia.org/wiki/Saloka>, diakses 2 April 2017)

Mitchell sajroné Kompasiana. 2014. Ideologi Penulis (online),
(https://kompasiana.com/gadsa/sastra-dan-ideologi_5520a8048133117e7419f9ac, diakses tanggal 19 November 2017)

Mark sajroné Septiyanika. 2012. Ideologi dan Sastra (online),
(<https://icekabarberita.blogspot.co.id>, diakses tanggal 19 November 2017)

